



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANGAJE JISKA 1 MILYON DOLA FON IJANS POU MÈT KAY KI KALIFYE KE INONDASYON TANPÈT TWOPIKAL FRED LA TE AFEKTE YO

### *Asistans yo te sible pwopriyetè kay ki gen revni ki fèb ak modere yo nan Konte Steuben*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse gen jiska 1 milyon dola fon ijans y ap mete disponib pou mèt kay ki kalifye nan Konte Steuben ke inondasyon Tanpèt Twopikal Fred la te afekte yo an 2021. Finansman eta sa yo ap bay sibvansyon pou reparasyon ijans pou pwopriyetè kay ki te sibi domaj nan rezidans prensipal yo pandan inondasyon an.

"Inondasyon Tanpèt Twopikal Fred ane pase a kontinye afekte rezidan Konte Steuben yo epi finansman sa ap bay èd ki enpòtan pou pwopriyetè kay ki kalifye yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Toutotan chanjman klimatik la ap ogmante, se toutotan frekans ak fòs tanpèt yo ap ogmante, New York ap rete angaje pou ede fanmi k ap travay di yo repare kay yo pandan n ap konstui rezilyans nou pou lavni."

Fon sibvansyon yo anonse jodi a kouvri dega ki rive nan yon rezidans prensipal pou mèt kay ki respekte kondisyon pwogram nan. Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ap sipèvizè pwogram nan, ke Arbor Housing and Development, yon òganizasyon san bi likratif lokal, ki gen ekspètiz nan jesyon pwogram reyabilitasyon lojman, ap administre.

Mèt kay yo kapab fè demann pou resevwa fon pou kouvri depans pou reparasyon dijans ki nesèsè yo pou mete kay yo nan kondisyon san danje pou yo ka rete ladan yo. Reparasyon ki kalifye yo ka enkli reparasyon oswa ranplasman sistèm elektrik ak plonbri, ranplasman septik, twati, aksè, ak sistèm chofaj. Reparasyon segondè yo enkli enstalasyon nouvo fenèt, izolasyon, pòt, ak tout nivo travay ki t ap amelyore efikasite enèji kay la.

Y ap bay sibvansyon jiska 35,000 dola baze sou nivo travay ke Arbor Housing and Development apwouve. Aplikan yo dwe pwopriyetè kay ke rezidans prensipal yo nan Konte Steuben epi ki gen revni ki pi pa oswa ki 90 pousan Revni Mwayen Zòn nan.

**Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare,** "Pou pwopriyetè kay Konte Steuben ki toujou ap goumen apre Tanpèt Twopikal Fred yo, 1 milyon dola èd enpòtan sa ap ede

yo pran wout rekiperasyon. Nou rekonesan pou genyen yon patnè fyab tankou Arbor Housing and Development pou mete anplas pwogram ijans sa ak yon Gouvènè ki te demontre konpasyon li ankò pou fanmi ki te frape di pa inondasyon san presedan sa. Ansanm New York ap asire ke kominote yo gen resous yo bezwen pou rekonstui pi solid ke anban pandan n ap goumen ak enpak kontini chanjman klimatik la."

**Susan Bull, Direktè Egzekitif ak PDG Arbor Housing and Development, te deklare,** "Arbor Housing and Development kontan anpil pou fè patenarya nan efò kontini pou ede pwopriyetè kay yo rekipere de domaj inondasyon nan Konte Steuben. Nou rekonesan pou sipò siplemantè ki soti nan HCR Eta NY, k ap pèmèt nou elaji efò rekiperasyon nan ti kominote riral ki afekte yo."

Pwopriyetè kay ki kalifye k ap chèche finansman yo ka vizite sitwèb Arbor Housing and Development lan: <https://arbordevelopment.org/homeownership-programs/> oswa rele 607-654-7478.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)